



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ARETASYON AK AKIZASYON GWO KONPAYI KONSTRIKSYON APRE ANKÈT KONJWEN ANSANM AK PWOKIRÈ DISTRI NAN MANHATTAN

Yo Akize Parkside Construction, Affinity Human Resources Ak Lòt Dirijan Konpayi yo Pou Gran Vòl ak Konplo Pou Komèt Fwo 1.8 Milyon Dola Salè Nan Men Travayè

Yo Akize Prevni Yo Ak Vòlè 7 Milyon Dola nan men Fon Asirans New York State Insurance Fund Sou Fòm Prim Asirans

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon ankèt komen ant Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la, Pwokirè Distri Manhattan ak Depatman Ankèt (Department of Investigation) te kondwi a idantifikasyon 1.8 milyon dola nan salè yo vòlè ak arestasyon ak akizasyon pwopriyete youn nan pi gwo konpayi konstriksyon nan New York.

Kòm rezilta ankèt sa a, sis endividi te arete epi akize ak plizyè chèf akizasyon konsènan gran vòl, konplo pou komèt fwod ak fwod asirans. Akize Francesco ak Salvatore Publiese, ko-pwopriyete Parkside Construction ak konpayi altè-ego yo, ansanm ak lòt reprezantan Parkside: Manadjè Pewòl Yenny Duarte, Sipèvizè Kontmèt James Lyons, ak Kontab Michael DiMaggio, te itilize Affinity Human Resources, LLC - yon Òganizasyon Travay Pwofesyonèl, pou kache aktivite ilegal yo. Yo te arete tou Prezidan Direktè Jeneral Affinity Jerry Hamling. Akize yo pral konparèt pita nan jounen an nan Lakou Siprèm, nan Konte New York.

“New York gen zewo tolerans pou moun k ap chache vyole lalwa ak refize yon peman jounalye desan pou yon jounen travay di”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye travay ak pwokirè atravè gwo eta sa a pou fè koupab vini rann kont epi pwoteje mendèv nou an.”

“Pratik biznis fwod Parkside Construction te angaje pa rete non sèlman nwizib pou anplwaye li yo, yo rete ekstrèmman negatif pou klima biznis nan eta a anjeneral”, **Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te deklare.** “Mwen remèsye Pwokirè Distri a Cyrus Vance ak ekip la pou kowoperasyon ak efò yo nan ka sa a epi mwen aplodi staf devwe Depatman Travay ki te detekte fwod sa a. Se pou ka sa a sèvi kòm

yon avètisman bay moun ki ta pral chache vòlè moun New York ki travay di: n ap mennen ou devan lajistis.”

“Nan mitan eksplozyon nan domèn konstriksyon liks nan Manhattan, pafwa li twò fasil pou neglije èt imen ki dèyè echafodaj”, **Cyrus R. Vance, Jr., Pwokirè Distri Manhattan, te deklare.** “Travayè konstriksyon responsab pou kèk nan travay ki pi danjre nan vil la, epi si y ap travay a plizyè milye pye anlè a oubyen ven pye souteren, yo merite pou yo peye ekitabman ak konplètman pou travay yo. Biwo mwen an [te pran yon angajman pou konbat vòlè salè](#), ki afekte anplwaye atravè tout endistri, men ki espesyalman komen nan [biznis konstriksyon](#), kote anplwayè san vègòy tankou sa nou sòt akize nan kondanasyon jodi a ap prepare fason ki nouvo ak diferan pou triche ak vòlè. Depi lansman efò konjwen nou an pou asire entegrite nan espas travay la ak Gouvènè Cuomo epi patnè lokal nou yo, Biwo mwen an te remèt plizyè santèn milye dola sou fòm salè yo vòlè nan men travayè, epi mwen remèsye patnè nou yo pou devouman yo pou pwoblèm enpòtan sa a.”

Arestasyon resan sa yo konstwi sou efò agresif Gouvènè Cuomo pou dekouraje pratik fwod biznis yo, sa enkli rejwenn ak remèt 258.4 milyon dola bay 215,335 travayè depi li te monte sou pouvwa an 2011 - ki se total ki pi wo nan nasyon an. Pandan ane pase a, Depatman Travay Eta a lan te refere ka vòlè salè flagran yo bay pwokirè yo ki answit depoze akizasyon kriminel yo. Referans sa yo te abouti a akizasyon, plent pou feloni yo oswa akò san pouswit jidisyè yo ki soti nan ankèt atravè divès jiridiksyon yo.

Ka ki pi remakab jiska dat, arestasyon gwo konstriktè liksye sa a ak konpayi ki lye yo se te rezilta patenarya kontini DOL ak alye nan lapolis. Afè kriminel sa a vini apre yon ankèt DOL a gran echèl ane pase a ki te revele sou-peman jeneralize ak lòt vyolasyon travay kont konpayi Parkside ak Affinity. Travayè yo te viktim pandan yon peryòd plizyè ane.

Parkside te pwolonje yon plan pou vòlè plizyè milyon dola nan men plizyè santèn travayè imigran ki gen salè ki ba sou fòm salè pou travay di. Pi lwen pase eleman vòlè salè masif la, ankèt kriminel la tou te redrese fwod asirans jeneralize. Parkside (ak konpayi ki lye) te itilize yon Òganizasyon Travay Pwofesyonèl ki rele Affinity pou ekzekite pratik san skripil ak fwod yo. Yo vòlè plizyè dizèn milyon dola nan men eta a sou fòm prim lè yo manipile dosye yo pou yo sou-evalye nivo pewòl aktyèl yo.

DOL rete responsab pou ankete sou ka vòlè salè nan Eta New York, epi sèlman an 2017, DOL te remèt 35,370,000 dola bay 36,446 travayèè Souvan, rekiperasyon pou travayè yo kapab reyalize atravè konferans sou konfòmite yo kote patwon yo dakò pou peye travayè yo sa ke yo dwe yo san plis mezi administratif. Nan ka malonèt oswa ka kote patwon yo refize peye oswa chèche kache atou yo pou kapab evite fè peman, Depatman an depann sou Avoka Distrik lokal yo pou pouswiv ka yo lajistis.

Majorite akablan biznis ki nan eta a yo aplike lalwa, men kèk nan fason ki pi komen ke move aktè yo vòlè salè gen pami yo:

- Peye poubwa sèlman;
- Peye yon kantite lajan pa jou ki pi piti pase salè minimòm nan, lè yo konte kantite lè travay yo;

- Pa peye ovètaym lè moun nan depase 40 èdtan travay nan yon semèn pewòl;
- Pa peye pou tan sa pran pou deplase lè moun nan al diferan kote pou l travay nan menm jou a;
- Kenbe chèk pèman final la;
- Pa peye pou lè “fòmasyon”; e
- Fè anplwaye peye pou inifòm oswa ekipman ki obligatwa.

Nenpòt ki moun ki vle pote yon plent vòl salè, nou ankouraje yo rele 1-888-4-NYSDOL.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)